

FWI AK LEGIM

Plan leson ak egzèsis

Syans esperimantal
Premye ane fondamantal

Otè : Doktè Tatiana Behrmann

Revizyon : MIT-Ayiti



FWI AK LEGIM

SIJÈ :

Syans esperimantal

OTÈ :

Tatiana Behrmann, Ed.D.

KLAS :





Premye ane

REMAK

Nan 3 leson sa yo, ki ka dire ant 45 ak 60 minit chak, elèv yo ap gen opòtinite pataje konesans yo sou fwi ak legim. Epi y ap itilize enfòmasyon sa yo pou yo dekouvri pi plis konesans sou fwi ak legim.

PLAN LESON # 1 : FWI


| ETAP | GID PWOFESE |
|-------------------|---|
| OBJEKTIF 1 | Rekonèt epi bay definisyon fwi |
| OBJEKTIF 2 | Rekonèt koulè divès kalite fwi |
| RESOUS / MATERYÈL | Divès fwi ki gen diferan koulè Penti mòv Fèy blanch Tèt boutèy Plato pou mete penti a |
| AKTIVITE | <ol style="list-style-type: none">1. Poze ti moun yo kesyon sa a : Èske nou renmen fwi ? Ki fwi nou pi renmen ? Bay elèv yo tan pou yo reflechi epi bay repons pa yo.2. Montre plizyè fwi (mango, melon, zoranj e latriye) epi mande elèv yo idantifye chak fwi. Bay elèv yo tan pou yo jwenn repons pa yo.3. Mande elèv yo : Ki sa yo wè ? Ki sa ki menm oswa ki sanble pami fwi sa yo ? Ki kote yo grandi ? (Yo ka wè tout fwi yo gen grenn, yo dous, yo gen ji.)4. Ba yo definisyon yon fwi : Yon fwi se yon pati nan yon plant ki fè flè e ki gen yon grenn. Po yon fwi ka mens, pwès oswa di. Anndan l souvan dous, epi l konn gen ji. Men, gen kèk fwi ki sèk, tankou nwa. Fwi devlope nan flè yon plant. Gen kèk manje moun rele « legim » ; men, se fwi yo ye. |

| ETAP | GID PWOFESÈ |
|----------------------|--|
| | <p>1. Montre elèv yo foto diferan fwi epi mande yo bay non fwi yo ansanm ak koulè yo chak.</p> <p>2. Rezen ak tèt boutèy : Itilize yon tèt boutèy (plastik, kola oswa dlo) pou ti moun yo kreye yon grap rezen.</p> <p>Enstriksyon :</p> <ul style="list-style-type: none"> • Mete yon ti kal penti sou yon plato. • Itilize yon penso oswa dwèt ou pou gaye penti a. • Depoze tèt boutèy la sou penti a. • Ranmase tèt boutèy la epi poze l sou fèy blanch lan. • Fòm grap rezen an. |
| <p>REZIME</p> |     |

PLAN LESON # 2 : LEGIM

| ETAP | GID PWOFESE |
|-------------------|--|
| OBJEKTIF 1 | Rekonèt epi bay definisyon legim |
| OBJEKTIF 2 | Rekonèt koulè divès legim |
| RESOUS / MATERYÈL | <p>Divès legim ki gen diferan koulè (si nou pa gen legim, itilize foto oswa jwèt plastik ki reprezante legim)</p> <p>Fèy blan, lakòl</p> <p>Paj koloryaj divès legim</p> |
| AKTIVITE | <ol style="list-style-type: none"> 1. Si sa posib, anvan klas la kòmanse, achte youn nan chak legim sa yo (ak lòt kalite legim, si w vle) : kawòt, pòm de tè, chou, zonyon, joumou, mayi, radi, leti. Si w pa ka pote legim nan klas la, lòt opsyon yo se : legim an plastik (pafwa yo disponib nan magazen jwèt), kat ki gen imaj legim, foto legim ki ka koupe ak sizo. Epi, tou, pote yon panyen pou mete legim yo. 2. Anvan elèv yo antre nan sal klas la, kache legim yo tou patou nan sal la – dèyè liv, an ba biwo e latriye. Lè w pare pou w kòmanse pati prensipal leson an, mande tout moun chita epi di elèv yo : « An n chache kèk legim ! » Lè sa a, leve kanpe epi fè kòm si w ap chèche yon bagay. Jwenn youn nan legim yo (egzanp : an ba yon kousen) epi montre jan w kontan lè w jwenn legim sa a. Pran legim lan epi lage l nan panyen an. Apre sa, fè tout moun fè lachas nan sal la jis yo rive jwenn tout legim yo epi mete yo tout nan panyen an. 3. Rale chak legim soti nan panyen an epi mande elèv yo pou yo di ki sa l ye. Apre sa, mande yo ki koulè legim yo ye. 4. Bay elèv yo definisyon yon legim : Yon legim se yon plant oswa yon pati nan yon plant moun itilize kòm manje. Menm jan ak kèk fwi, gen legim nou pa wè souvan ; men, yo tout bon pou sante nou. Legim ki pi popilè nan monn lan (sa vle di legim moun manje pi plis) se pòm de tè.¹ |

1. Dapre sit YouGov (ki se yon sit pou rechèch enfòmasyon nan nivo global) : *The Most Popular Vegetables (Q4 2023)*, <https://today.yougov.com/ratings/consumer/popularity/vegetables/all>

| ETAP | GID PWOFESE |
|---------------|--|
| | <p>5. Fè kouwòn yo : Bay chak ti moun yon foto oswa imaj yon legim, yon fèy papye blan ak lakòl. Mande ti moun yo desinen oswa kolorye diferan legim sou fèy papye blan yo. Apre sa, gide yo pou yo kole legim yo sou kouwòn yo. Lè lakòl la fin seche, ede ti moun yo fini kouwòn yo. Tepe papye a yon fason pou kouwòn lan ka chita sou tèt ti moun yo byen.</p> |
| <p>REZIME</p> |  |

PLAN LESON # 3 : KI SA KI FWI ? KI SA KI LEGIM ?

| | |
|-------------------------------|--|
| <p>OBJEKTIF</p> | <p>Konpare fwi ak legim Esplike diferans ant fwi ak legim Klase fwi ak legim selon diferans yo</p> |
| <p>RESOUS/MATERYÈL</p> | <p>Fichye travay : Aktivite 1</p> |
| <p>DISKISYON</p> | <ol style="list-style-type: none"> 1. Ki sa ki fè diferans ant fwi ak legim ? Pale sou diferans ki genyen ant fwi ak legim yo : <ul style="list-style-type: none"> • Fwi gen grenn ; legim pa gen grenn. • Fwi grandi an lè tè a ; gen kèk legim ki grandi an ba tè. • An jeneral, fwi yo dous ; pifò legim pa dous. • Fwi soti nan pati plant ki bay flè. 2. Mande elèv yo esplike, avèk pwòp mo pa yo, ki diferans yo wè ant fwi ak legim. 3. Mande elèv yo vote si yon tomat se yon fwi oswa yon legim. Selon repons yo, asire ke yo konprann, malgre nou konsidere yon tomat kòm yon legim, se yon fwi li ye paske l gen grenn ladan. Bay elèv yo tan pou yo reflechi sou ki lòt danre ki gen grenn e ki tonbe nan menm kategori ak tomat (konkonm, pwavron, mayi, joumou, obèjin, militon). Mande elèv yo pataje, ann apre, rezilta refleksyon yo. Pwofesè a ka oblije bay plis presizyon pou elèv yo konprann gen manje nou rele « legim » ; men, akòz yo gen grenn, se fwi yo ye <i>syantifikman</i>. |

| | |
|---------------------|--|
| AKTIVITE 1 | Fichye travay – Aktivite 1 : Antoure (fè yon wonn alantou) chak fwi ou wè. Ankadre (fè yon bwat alantou) chak legim ou wè. |
| REZIME/DEVWA | <p>Fwi ak legim se yon gwo pati nan rejim alimantè moun nan monn lan. Se sa ki ede nou rete an sante. Li enpòtan pou n konnen sa n ap manje epi sa ki fè diferans ant fwi ak legim.</p> <p>Fwi gen grenn ke n ka itilize pou kreye nouvo plant. An jeneral, yo grandi sou pye bwa oswa sou lyann. Fig, pòm ak melon se egzanp fwi. Gen kèk lòt fwi nou konn mete nan kategori legim lè n ap fè manje — tankou : piman, pwavron, tomat ak mayi.</p> <p>Men kèk legim ki grandi sou tè ak an ba tè : kawòt, bwokoli, pòm de tè ak leti.</p> <p>Fichye travay - Ekriti</p> |

AKTIVITE 1

Antoure (fè yon wonn alantou) chak fwi w wè. Ankadre (fè yon bwat alantou) chak legim w wè.



Fig



Mayi



Kawòt



Mango



Pwavron




Chou



Papay



Zepina



Tomat



Obèjin



Sitron



Pòm de tè







PLAN LESON # 4 - KI JAN FWI AK LEGIM GRANDI ?

| | |
|------------------------|--|
| OBJEKTIF | Chache konnen ki jan yo kiltive fwi ak legim. Fè diferans ant yon fwi ak yon legim selon kote li grandi a. |
| RESOUS/MATERYÈL | Grenn ak rasin pou plante ; tè ; kèp plastik oswa po ; dlo ak lòt materyèl ke w ka jwenn pou fè jaden. Fichye travay – Aktivite korespondans – Jaden |
| DISKISYON | <ol style="list-style-type: none">1. Nou pral chache konnen ki jan pou n plante yon grenn epi bay konsèy ak enstriksyon pou ede lòt moun sou fason yo kiltive fwi ak legim yo.2. Pale sou diferans ki genyen ant de (2) manje sa yo :<ol style="list-style-type: none">a. fwi gen grenn ; legim pa gen grennb. fwi grandi an lè tè a, sou pye bwa oswa lyann ; legim grandi sou tè ak an ba tè a.3. Mande elèv yo ki sa yo panse y ap bezwen pou plante yon fwi (bay yo ase tan pou yo reflechi sou zouti ak materyèl y ap bezwen pou fè jaden). Kèk bagay yo ta dwe jwenn se : tè, dlo, grenn oswa rasin, pikwa, pèl, arozwa, gan e latriye. |
| AKTIVITE 1 | <ol style="list-style-type: none">1. Ilistre kòman pou elèv yo plante grenn ak rasin.2. Bay chak elèv materyèl yo bezwen epi fè yo chwazi swa yon grenn oswa yon rasin pou yo plante. Epi kite yo plante. Mache nan klas la pou bay elèv yo sipò si yo bezwen.3. Fichye travay – Aktivite korespondans – Jaden : Kolorye chak arozwa ak chak gan pou yo gen koulè ki koresponn youn ak lòt. Epi relye arozwa ak gan ki menm koulè yo.4. Mande chak elèv esplike ki jan yo kiltive fwi ak legim. |

| | |
|----------------------------|---|
| <p>REZIME/DEVWA</p> | <p>Fwi ak legim se yon gwo pati nan rejim alimantè moun. Se sa ki ede nou rete an sante. Li enpòtan pou n konnen sa n ap manje epi fè diferans ant fwi ak legim.</p> <p>Fwi gen grenn nou ka itilize pou kreye nouvo plant. An jeneral, yo grandi sou pye bwa oswa sou lyann. Fig, pòm ak melon se egzanp fwi. Gen kèk lòt fwi ke n konsidere kòm legim lè n ap fè manje — tankou : piman, pwavron, tomat ak mayi.</p> <p>Men kèk legim ki grandi sou tè ak an ba tè : kawòt, bwokoli, pòm de tè ak leti.</p> <p>Fichye travay – Aktivite korespondans – Jaden</p> <p>Fichye travay – Ki kote li grandi ?</p> |
|----------------------------|---|

Aktivite korespondans – Jaden

Kolorye chak arozwa ak chak gan koulè ki endike nan bwat ki a kote objè sa yo. Epi relye awozwa yo ak gan ki menm koulè.



Ki kote li grandi ?

Objektif : Klasifye fwi ak legim selon kote yo grandi a.

Enstriksyon : Koupe chak fwi epi plase yo chak nan bwat ki koresponn lan.



A tè / an ba tè



Sou lyann







Sou pye bwa



Konte fwi ak legim

Objektif : Kalkile kantite fwi ak legim ou wè.

Enstriksyon : Kolorye bwat chif ki koresponn ak kantite fwi oswa legim ou konte a.



Klasifikasyon gwose

Objektif : Klase fwi yo selon gwose yo.

Enstriksyon : Koupe chak fwi ak legim ki an ba tablo a epi klase yo nan bon kategori a dapre gwose yo chak (piti, mwayen oswa gwo).

| PITI | MWAYEN | GWO |
|------|--------|-----|
|------|--------|-----|

